

**KAJIAN FILOLOGISAH PIWULANG ISLAM
WONTÈN ING SÈRAT MARGANING GÈSANG**

E-JOURNAL SKRIPSI

**Dipunaturakèn dhatèng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jêjangkêping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



**Déning:
Rina Utami
NIM 10205241075**

**Yogyakarta, 10 Juli 2018
Dosen Pembimbing**


**Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt.
NIP. 19791217 200312 2 003**

**Yogyakarta, 10 Juli 2018
Ketua Jurusan**


**Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004**

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ PIWULANG ISLAM WONTÊN ING SÊRAT
MARGANING GÊSANG

STUDY OF PHILOLOGY AND THE TEACHINGS OF ISLAM IN SERAT
MARGANING GESANG

Déning: Rina Utami, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Yogyakarta rinautami138@gmail.com

Sarining Panalitèn

Ancasing panalitèn mênikå (1) ngandharakên *deskripsi naskah*, (2) ndamêl *transliterasi sâhå suntingan teks*, (3) ndamêl *terjemahan*, (4) ngandharakên *analisis wosing sêrat*. Panalitèn mênikå migunakakên *metode panalitèn filologi modern sâhå deskriptif*. Asiling panalitèn inggih (1) kawontênanipun *naskah* taksih saé sâhå wêtah, sêratanipun taksih cêthå. (2) *Teks* aksârå Latin, kapanggihaken sekawan aksârå minångkå *karakteristik khusus*. (3) *Teks* ingkang sampun rêsik saking *teks korup*, kapanggihaken 40 têmbung ingkang dipunandharakên wontên *aparât kritik*. (4) *Teks* bâså Indonesia, kapanggihaken sekawan têmbung ingkang dipunadharakên wontên cathêtan *terjemahan*. (5) Kapanggihakên 16 piwulang Islam inggih miwiti nyêrat kanthi maos bismillah, ngaturakên puji pandonga dhumateng Gusti, Asmaul Husna minångkå asmaning Gusti, *konsep* akerat sâhå swarga, sifat wajib Allah, ngamal kanthi ikhlas, pitados dhumateng kawontênanipun Gusti, Nabi Muhammad SAW minångkå utusaning Gusti, sifat wajib Nabi kaliyan Rasul, sifat mustakil Nabi kaliyan Rasul, *konsep syafa'at*, tansah rukun ing madyaning gêsang bebrayan, piwulang kaji, tansah sabar, ngulinakakên musawarah, sâhå nebihi manah darengki.

Pamijining têmbung: *kajian filologi*, piwulang Islam, serat

Abstract

The purpose of this research are (1) to explain the description of manuscript, (2) to make translate and edit text, (3) make translation, (4) to explain the analysis of manuscript content. This research uses modern philology research method and descriptive research method. The results of this research are (1) the state of the script is still good and intact, the writing is still clear. (2) Latin-coded text, found four letters as special characteristics. (3) Clear text from corrupt text, found 40 words described in critical apparatus. (4) Indonesian text, found four words described in the translation notes. (5) Found 16 teachings of Islam that is to start writing by reading basmalah, praise and pray to Allah, Asmaul Husna as the names of God, the concept of the afterlife and heaven, the obligatory nature of God, charity sincerely, believe in the existence of Allah, Prophet Muhammad as the messenger of Allah, the obligatory nature of the Prophet and Messenger, the improbable nature of Prophet and Messenger, the concept of syafa'at, harmonious life, the teachings of Hajj, always patient, familiarize the deliberation, and stay away from envy.

Keywords: study of philology, the teachings of Islam, manuscript

PURWAKA

Masyarakat Jawi gadhah mawarni-warni kabudayan, wontên ingkang awujud kabudayan botên sinêrat sâhâ kabudayan sinêrat. Kabudayan botên sinêrat awujud adat istiadat, mitos, lan sapiturutipun. Wondéné kabudayan sinêrat awujud naskah.

Miturut Mulyani (2009 : 1), naskah Jawi inggih mênikâ anggitan ingkang sinêrat astâ (carik), ingkang asli mênâpâ déné salinanipun, ngêwrat mawarni-warni kabudayan masyarakat ing jaman rumiyin, sâhâ kasêrat mawi aksârâ Jâwâ, aksârâ Arab Pégon utawi aksârâ Latin. Naskah Jawi dipunsêrat kanthi migunakakên bâsâ Jawi inggih bâsâ Jawi Kina, Jawi Têngahan, utawi Jawi Énggal kanthi dhapukan gancaran, sêkar, utawi pawicantênan (*drama*).

Naskah minangkâ salah satunggaling kabudayan Jawi ingkang ngêwrat mawarni-warni kawruh kêdah dipunlêstantunakên. Bab mênikâ jumbuh kaliyan pamanggihipun Robson (1988 : 1-2) bilih andharan ing salêbêting naskah kêdah dipunlêstantunakên amargi naskah minangkâ satunggaling

barang ingkang wigatos, adiluhung, sâhâ *langka*.

Saking mapintên-pintên jinising naskah Jawi, wontên sapérangan naskah Jawi ingkang ngêwrat piwulang. Naskah mênikâ ngêwrat satunggaling piwulang inggih piwulang moral, piwulang islam, piwulang luhur, piwulang kautaman, lan sapiturutipun. Salah satunggaling naskah Jawi ingkang ngêwrat bab piwulang inggih mênikâ Sêrat Marganing Gêsang ingkang dipunsimpên wontên Museum Taman Siswa Dewantara Kirti Griya kanthi kode AM.31. Sêrat Marganing Gêsang dipunsêrat kanthi sêratan astâ (carik) dhapukan sêkar, dipunsêrat déning Ngabdul Kadir bin Ibrahim. Satunggaling piwulang ingkang kawrat wontên ing salêbêting Sêrat Marganing Gêsang inggih piwulang Islam. Piwulang Islam inggih mênikâ piwulang minangkâ pandoming Gêsang umat Islam ingkang sumberipun Al-Quran kaliyan *hadits*.

Sêrat Marganing Gêsang kalêbêt satunggaling naskah ingkang kêdah dipunteliti adhedasar tigang pawadan inggih mênikâ Sêrat Marganing Gêsang ngewrat

piwulang Islam ingkang wigatos sanget mungguhing gêsangipun manungsa, menawi boten dipunwontênakên panaliten danguning dangu naskah saged risak lajeng wosipun boten saged kaandharakên malih, saha nggampilakên pamaos anggenipun mangertosi wosing Sêrat Marganing Gêsang ingkang kasêrat mawi dhapukan sêkar.

Satunggaling cak-cakan ngelmi ingkang saged dipunginakakên kangge nliti naskah inggih mênikå filologi. Filologi mênikå satunggaling ngelmi ingkang gegayutan kaliyan wohing karya sastra ingkang magepokan kaliyan bab bâså, kasusastrån, sâhå kabudayan (Mulyani, 2009: 1). Urut-urutaning lampahan panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, *alih tulis* ingkang ngginakakên *transliterasi teks* sâhå *suntingan teks* kanthi *penyajian aparat kritik*, *parafrase teks*, *terjemahan teks*, sâhå *pemaknaan teks*.

Adhêdhasar dhasaring panaliten wontên nginggil, saged dipundamel wosing perkawis wonten panaliten menika inggih kadospundi

deskripsi naskah Sêrat Marganing Gêsang, kadospundi *transliterasi* utawi alih aksara sâhå *suntingan teks Sêrat Marganing Gêsang*, kadospundi *terjemahan teks Sêrat Marganing Gêsang*, saha kadospundi piwulang Islam wontên ing *Sêrat Marganing Gêsang*.

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *filologi* mliginipun *filologi modern* ingkang dipungabungaken kaliyan panaliten *deskriptif*. Panaliten *filologi modern* dipuntindakaken amargi panaliten menika gadhah ancas inggih ngandharaken bab *deskripsi naskah*, ndamel *transliterasi* utawi *suntingan teks*, saha *terjemahan teks* satunggaling serat carik inggih *Sêrat Marganing Gesang*. Kanthi nindakaken panaliten *filologi* minangka lampah sapisanan, saged dipunmangertosi menapa ingkang dipunserat salebeting teks menika.

Wondene panaliten *deskriptif* dipuntindakaken kangge ngandharaken *analisis* wosing serat kasebat. Miturut Kaelan (2005: 58) *metode* panaliten *deskriptif* inggih menika *metode* kangge naliti

satunggaling *objek* utawi *sumber data* panaliten kanthi ancas ndamel gambaran kanthi *objektif* gayut kaliyan *fakta* saha *unsur-unsur*-ipun.

Sumber Data Panaliten

Sumber data panaliten menika inggih Serat Marganing Gesang minangka serat carik ingkang kasimpen wonten ing Perpustakaan Museum Taman Siswa Dewantara Kirti Griya kanthi kode AM.31. Teks Serat Marganing Gesang dipunserat migunakaken basa jawi kina kanthi dhapukan sekar.

Metode Ngempalaken Data

Metode ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten panaliten menika inggih *studi pustaka* saha *pengamatan langsung*. Studi pustaka inggih menika metode ngempalaken data kanthi maos saha nyathet *sumber data* panaliten ingkang awujud naskah. Wondene pengamatan langsung inggih menika metode ngempalaken data kanthi ningali langsung *sumber data* panaliten ingkang awujud *dokumen* wonten papan panyimpenan.

Instrumen Panaliten

Instrumen panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten *filologi* menika inggih kartu data. Kartu data dipunginakaken kangge nyathet sedaya data ingkang dipunbetahaken wonten panaliten menika antawisipun asiling deskripsi naskah SMG, asiling tranliterasi saha suntingan, asiling aparat kritik teks SMG, ugi asiling suntingan, terjemahan teks SMG, saha piwulang Islam ingkang kapanggihaken.

Teknik Analisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten *filologi* menika inggih *teknik analisis deskriptif*. *Teknik* menika inggih *teknik analisis data* ingkang nggambaraken kanthi cetha saha leres lumantar *indikator-indikator*ipun. Teknik kasebut dipunpilih kajumbuhaken kaliyan ancasing panaliten *filologi modern* inggih ngandharaken wosing *teks*.

Miturut Kaelan (2005: 68) lampahing *teknik analisis deskriptif* wonten sekawan inggih menika *reduksi data*, *klasifikasi data*, *display data*, saha *penafsiran* utawi *interpretasi*. *Reduksi data* katindakaken kanthi ngringkes data

panaliten lajeng dipunpilih data ingkang pokok, dipun-*fokus*-aken dhateng data ingkang wigati sarta ngicali data ingkang boten wigati. *Klasifikasi data* katindakaken kanthi ngelompokaken data miturut jinisipun. Sasampunipun data dipunkelompokaken lajeng data menika dipun-*display* utawi dipun-*sajikan* wonten ing satunggaling kartu data minangka *indikator* saking *masing-masing* jinis. Data ingkang sampun dipun-*display* jangkep kaliyan *indakor-indikator*-ipun lajeng dipundamel *penafsiran* utawi *interpretasi*-nipun kanthi objektif saha sistematis. *Penafsiran* utawi *interpretasi* menika dipunandharaken kanthi *deskriptif*.

Validitas saha Reliabilitas Data

Validitas data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih *validitas semantik*. *Validitas* menika dipunginakaken amargi sumber *data*-nipun awujud *naskah* ingkang ngewrat *teks* ingkang awujud struktur basa saking mapinten-pinten tembung, *frasa*, ukara, saha gatra ingkang ngewrat satunggaling makna. *Validitas semantik* wonten ing panaliten menika dipunginakaken kangge

madosi makna saking data ingkang gayut kaliyan *konteks*-ipun.

Wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih *reliabilitas intrarater* saha *interater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika maos *teks* ingkang dados *objek* panaliten kanthi dipunambali makaping-kaping satemah *data* ingkang dipunasilaken ajeg. *Reliabilitas interater* inggih menika *reliabilitas* antawisipun satunggaling panaliti kaliyan panaliti sanes, inggih nyuwun pamrayogi saha panyaruwe saking tiyang ingkang sampun *ahli* ing *bidang*-ipun.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Deskripsi Naskah Sêrat Marganing Gesang

Serat Marganing Gesang minangka satunggaling *naskah* ingkang dipunsimpen wontên ing Perpustakaan Museum Tamansiswa Dewantara Kirti Griya kanthi nomer *kodeks* AM.31, Irah-irahanipun kapanggihaken wontên salebeting *catalog* Perpustakaan Museum Tamansiswa Dewantara Kirti Griya. Adhedasar katrangan ingkang kapanggihaken wontên ing

salebeting *teks*, Serat Marganing Gesang menika dipunanggit dening Ngabdul Kadir bin Ibrahim ingkang asalipun saking Yogyakarta Hadiningrat. Dipuntingali saking deskripsi naskah, saged dipunmangertosi bilih naskah menika dipunserat sasampunipun Kraton Ngayogyakarta jumeneng inggih taun 1755 M.

Nalika panaliten menika dipuntindakaken, kawontênaning *naskah* taksih sae, seratanipun taksih saged dipunwaos kanthi cetha, dipunserat mawi mangsi warni cemeng, dlancangipun warni soklat, jilidanipun ugi taksih kenceng. Dipunsamaki kandel mawi bahan *karton* kanthi *lapisan* warni cemeng saha plastik bening, boten kapanggihaken seratan utawi hiasan wontên samakipun.

Gunggunging larik saben kacanipun inggih 13 larik. Kandeling naskah 2,7 cm kadadosan saking 378 kaca. Wondene naskah ingkang dipunteliti inggih 55 kaca; kadadosan saking tigang pupuh inggih pupuh Asmaradana, pupuh Kinanthi, pupuh Pangkur, saha pupuh Dhandhanggula; kanthi gunggung 140 pada. Ukuraning *naskah* Serat

Marganing Gesang panjangipun 20,8 cm saha wiyaripun 16,1 cm. Wondene ukuraning *teks* Serat Marganing Gesang panjangipun 14,2 cm saha wiyaripun 10,1 cm kanthi margin nginggil (*top*) 3,1 cm; ngandhap (*bottom*) 3,5 cm; tengen (*right*) 3,2 cm; saha kiwa (*left*) 2,7 cm.

Serat Marganing Gesang kalebet *naskah* sejarah ingkang ngewrat satunggal *teks* inggih *teks* ngengingi sejarah nagari Mêkah nalikane taun 1266 Hijriah. Dipunserat mawi aksara Jawa carik kanthi dhapukan sekar. Ukuraning aksara alit kanthi panjang 0,4 cm dumugi 0,7 cm saha wiyar 0,2 cm; wujudipun mucuk eri; dipunserat tipis kanthi sikap miring menengen. Panomeran kaca kaserat wontên ing tengahing lembar perangan nginggil, dipunserat mawi angka Jawa kanthi mangsi warna cemeng.

Basa ingkang dipunginakaken salebeting Serat Marganing Gesang inggih basa Jawa gagrag anyar. Boten kapanggihaken *watermark*, cap kertas, wedana renggan, menapa dene gambar-gambar minangka *ilustrasi*. Wontên satunggaling cathetan ingkang

kapanggihaken wontên
sawingkinging samak ngajeng
ingkang dipunserat mawi potelot.

**Transliterasi, Suntingan, sâhâ
Aparat kritik Teks Sêrat
Marganing Gêsang**

Asiling *transliterasi* arupi
teks ingkang kasêrat mawi aksârâ
Latin miturut *EYD* ingkang
lumampah. Salebeting lampah
panaliten menika kapanggihaken
sekawan aksârâ ingkang minangka
karakteristik khusus inggih sedâyâ
pasangan tâ migunakakên pasangan
tâ murdâ, pasangan mâ manawi
dipun sukani sandhangan suku
wujudipun owah dados aksara ma,
pasangan dâ manawi angsal
sandhangan suku wujudipun owah,
saha pasangan bâ manawi gandhéng
kaliyan aksârâ nâ panyêratipun
dipunsambung.

Salajengipun inggih
suntingan teks, asiling *suntingan*
inggih *teks* ingkang sampun rêsik
saking *teks korup* adhêdhasar *EYD*
ingkang lumampah. Sêdâyâ éwah-
éwahan ing *suntingan teks* mênika
dipunandharakên wontên ing *aparat*
kritik. Kapanggihaken 40 tembung
ingkang dipun-*sunting*.

**Terjemahan saha Cathetan
Terjemahan Teks Sêrat Marganing
Gesang**

Kaping sêkawan inggih
terjemahan, asiling *terjemahan* arupi
teks Sêrat Marganing Gesang
ingkang dipunsêrat mawi bâsâ
Indonesia miturut *konteks*-ipun.
Têmbung-têmbung ingkang awrat
dipun-*terjemah*-akên dipunadharakên
wontên *cathêtan terjemahan*.
Kapanggihaken sekawan tembung
ingkang dipunadharakên wontên
cathêtan terjemahan inggih tembung
Sarip minangka gelar keturunanipun
Nabi Muhammad SAW saking
wahayipun ingkang asma Sayyidina
Hasan, tembung Sayid mingangka
gelar keturunanipun Nabi
Muhammad SAW saking wahayipun
ingkang asma Sayyidina Husein,
tembung Basah ingkang anggadhahi
teges sesebutaning senapati
(Poerwadarminta, 1937: 32), saha
tembung ‘rembag lir kêkanthên astâ’
minangka sasmitaning tembang
Kinanthi.

**Piwulang Islam Wontên Ing Sêrat
Marganing Gesang**

Kapanggihaken 16 piwulang
islam salebeting wonten salebeting
Serat Marganing Gesang ingkang

kandharaken wontên ngandhap menika.

1. Miwiti nyerat kanthi maos bismillah

Tembung bismillah minangka tembung pambuka saking basa Arab ingkang tegesipun kanthi nyebut asmaning Gusti, jangkepipun bismillahhirrahanirrahim anggadahi teges kanthi nyebut asmaning Gusti ingkang Maha Pengasih Maha Penyayang. Dalil bab piwulang menika inggih QS. An-Naml ayat 30 dumugi 31 saha satunggaling *hadits* riwayat Al-Khatib. Wontên salebeting SMG kapanggihaken ing pupuh Asmaradana, pada kaping 1, gatra kaping 1 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

**bismillah sun amiwiti /
sakèhing puji pandongå /
katur Gusti sêkabèhé /
arahman kang murah dunyå /
rakim asih ngakérat // kang
paring rijki makluk // rakim
bénjang ing suwargå
(I.1a)**

2. Ngaturaken puji pandonga dhumateng Gusti

Puji pandonga inggih tetembungan ingkang dipunginakaken kangge nyuwun dhumateng Gusti nalikane wontên kaperluan utawi pangarep-arep.

Piwulang bab menika dipunterangaken salebeting QS. Al-Mu'min ayat 60 saha QS.Ar-Ra'du ayat 11. Wontên ing salebeting SMG kapanggihaken ing pupuh Asmaradana, pada kaping 2, gatra kaping 2 dumugi 3. Pethikanipun wontên ngandhap menika.

**bismillah sun amiwiti /
sakèhing puji pandongå /
katur Gusti sêkabèhé /
arahman kang murah dunyå /
rakim asih ngakérat // kang
paring rijki makluk // rakim
bénjang ing suwargå
(I.1b-c)**

3. Al Asmaul Husna minangka asmaning Gusti ingkang agung

Al-Asmaul Husna tegesipun asmaning Gusti ingkang sae, agung, saha jumbuh kaliyan sipatipun Gusti, cacahipun wontên 99. Bab menika dipunterangaken wontên ing salebeting QS. Al-A'raf ayat kaping 180, QS Al-Fatihah ayat kaping 3, QS. Fatir ayat kaping 15, saha satunggaling *hadits* riwayat Bukhari.. Wontên salebeting SMG kapanggihaken wontên ing pupuh Asmaradana, pada kaping 1, gatra kaping 4 dumugi 7 saha pada kaping 3, gatra kaping 1. Pethikanipun wontên ngandhap menika.

**bismillah sun amiwiti /
sakèhing puji pandongå /**

katur Gusti sêkabèhé /
arahman kang murah
dunyå / rakim asih
ngakérat // kang paring
rijki makluk // rakim
bénjang ing suwargå
 (I.1d-g)

kang nduwèni sipat sugih /
 kang mumpuni pèrsipatan //
 kang kak wajibul wujudé //
 kang sinêbut asmanirå //
 praptå maring musama / asmå
 lan musamanipun // iku datan
 kêna pisah
 (I.3a)

4. Konsep akerat saha swarga

Sasampunipun manungsa seda, wontên satunggaling alam ingkang dipunwastani alam akerat, inggih alam pungkasan ingkang abadi. Wontên ing alam akerat menika para manungsa dipunsuwuni tanggel jawab awit saking sedaya tumindakipun sadanguning gesang wontên ing alam dunya. Bab menika dipunterangaken wontên salebeting QS. Al-A'la ayat kaping 16 dumugi 17 saha QS. Al-A'raf ayat kaping 147. Wondene swarga inggih menika alam kanikmatan padunungane para sukma (kang padha utama uripe) (Poerwadarminta, 1937: 583). Bab swarga menika dipunterangaken salebeting Al-Quran Qs. Al-Baqarah ayat kaping 25. Wontên salebeting Serat Marganing Gesang kapanggihaken pupuh ingkang

ngewrat bab akerat saha swarga inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 1, gatra kaping 5 dumugi 7 saha pada kaping 6, gatra kaping 2 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

bismillah sun amiwiti /
 sakèhing puji pandongå /
 katur Gusti sêkabèhé /
 arahman kang murah dunyå /
rakim asih ngakérat // kang
paring rijki makluk //
rakim bénjang ing suwargå
 (I.1e-g)

ingkang wêlas maring dasih /
kang tulung ing dalêm
[kåcå3] maksar / yå nabi
 babuning ngêroh / kang
 kinêkêr ing Hyang Sukmå /
 nguni ing makam habak //
 miwah ngamak karonipun //
 kapiyun makam kang samar
 (I.6b)

5. Sifat wajib Allah

Sifat wajib Allah inggih menika sifat ingkang kedah wontên tumrap Dzatipun Allah minangka kasampurnanipun. Allah minangka Khaliq utawi ingkang nyiptakaken sedayanipun, satunggaling Dzat ingkang kagungan sifat ingkang boten dipungadahi dening makluk pundi kemawon. Sifat wajib Allah cacahipun wontên 20. Salah satunggaling sifat wajib Allah inggih *'Ilmu* ingkang tegesipun Ingkang Mangertosi. Dalil ingkang

nerangaken bab menika inggih QS. Al-Baqarah ayat kaping 231. Wontên salebeting SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngawrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 2, gatra kaping 4 dumugi 7 saha pada kaping 3, gatra kaping 2 dumugi 7 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

iku sipaté wong mukmin //
kang tinarimèng Pangéran //
ngamal kang sartå palalé //
Pangéran kang luwih wikan
// **ingkang datan nyarupå** //
sangking kumantêking
kalbu / kang adoh sangking
upåmå
(I.2d-g)

kang nduwèni sipat sugih //
kang mumpuni pèrsipatan
// **kang kak wajibul wujudé**
/ **kang sinêbut asmanirå** //
praptå maring musama //
asmå lan musamanipun //
iku datan kêna pisah
(I.3b-g)

6. Ngamal kanthi iklas

Iklas inggih menika niat nindakaken amal ibadah kanthi lega lila terusing batin, namung kangge ngarepaken ridha saking Gusti, saha *memurnikan* niatipun saking kotoran-kotoran ingkang saged ngrisak. Iklas minangka salah satunggaling sarat dipunterimaning satunggaling amal dening Gusti. Bab menika

dipunterangaken wonten ing QS. Al-An'am ayat 162, QS. Al-Bayyinah ayat kaping 5, saha satunggaling *hadits* riwayat Abu Dawud dan Nasa'i. Wontên salebeting SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngawrat bab iklas menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 2, gatra kaping 1 dumugi 3 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

iku sipaté wong mukmin //
kang tinarimèng Pangéran
// ngamal kang sartå palalé
/ Pangéran kang luwih wikan
// ingkang datan nyarupå //
sangking kumantêking kalbu
/ kang adoh sangking upåmå
(I.2d-e)

7. Pitados dhumateng kawontênanipun Gusti

Gusti Allah kagungan 20 sifat wajib, salah satunggalingipun inggih menika wujud ingkang tegesipun wontên. Manungsa kedah kagungan kapitadosan salebeting batos dhumateng kawontênanipun Gusti Allah sanajan boten saged dipunpirsani utawi dipunraosaken migunakaken *panca indra*. Pitados dhumateng kawontênanipun Gusti Allah ugi kalebet salah satunggaling rukun iman ingkang kapisan. Bab kawontênanipun Gusti menika dipunterangaken wontên salebeting

QS Al-An'am ayat kaping 103 saha QS Al-Hadid ayat kaping 4. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 3, gatra kaping 3 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

kang nduwèni sipat sugih /
kang mumpuni pèrsipatan
 // **kang kak wajibul wujudé**
 / **kang sinêbut asmanirå** /
praptå maring musama /
asmå lan musamanipun //
iku datan kêna pisah
 (I.3b-g)

8. Nabi Muhammad SAW minangka utusaning Gusti

Nabi Muhammad SAW inggih menika nabi ugi rasul ingkang pungkasan. Pitados dhumateng rasul minangka utusaning Gusti Allah kalebet rukun iman ingkang kaping sekawan. Tegesipun kita kedah gadhah kapitadosan wontên salebeting batos bilih Nabi Muhammad SAW menika minangka rasul ingkang dipunutus dening Gusti kangge paring pituduh dhumateng para manungsa. Kita ugi kedah kagungan kapitadosan bilih menapa ingkang dipunbekta dening Nabi Muhammad menika minangka satunggaling pituduh saking Gusti inggih menapa ingkang dipunsebut

Al-quran. Bab menika dipunterangaken wontên salebeting Al-Quran QS An-Nisa ayat kaping 136 saha QS. Ali-Imran ayat kaping 164. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 4, gatra kaping 1 dumugi 4 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

risampunirå amuji / **maring Allahutangala** / **gumanti panutaning ngong** / **jêng nabi niyakaning rat** // kang darbé sipat tigå / kang winajibkên ing makluk // kupur lamun tan nékatna
 (I.4a-d)

9. Sifat wajib Nabi kaliyan Rasul

Sifat wajib nabi inggih menika sifat ingkang kedah dipungadhahi dening para nabi minangka utusaning Gusti. Sedaya nabi kalebet Nabi Muhammad SAW kagungan sekawan sifat wajib inggih sidiq tegesipun leres, amanah tegesipun saged dipunpracaya, tabligh tegesipun ndugikaken wahyu dhumateng tiyang sanes, saha fatanah ingkang tegesipun cerdas. Sekawan sifat wajib menika katerangaken wontên salebeting QS. Maryam ayat kaping 41, QS. Asy-Syu'ara ayat kaping 106 dumugi

107, QS Al-Maidah ayat kaping 67, saha QS. Al-Baqarah ayat kaping 269. Wonten salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 4, gatra kaping 5 dumugi 7 saha pada kaping 5, gatra kaping 1 dumugi 3 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

risampunirâ amuji / maring
Allahutangala / gumanti
panutaning ngong / jêng nabi
niyakaning rat // **kang darbé
sipat tigâ / kang winajibkên
ing makluk // kupur lamun
tan nékatnâ**
(I.4e-g)

**iku sipaté Jêng Nabi /
Mukamaddinil Mustapa /
sidik amanat tablègé / kang
mukal kêlamun cidrâ / mukal
lamun ngumpêtnâ / kiyanat
pan iku jauh / nora pisan
ngundhakênâ**
(I.5a-c)

10. Sifat mustakil Nabi kaliyan Rasul

Sifat mustakil inggih menika sifat ingkang mokal dipungadhahi dening para Nabi kaliyan Rasul. Sifat mustakil menika minangka kosok wangsulipun sifat wajib ingkang sampun dipunandharaken wontên nginggil. Nabi kaliyan Rasul kagungan sekawan sifat mustakil inggih kidzib tegesipun goroh utawi

ngapusi, khianat tegesipun boten saged dipunpracaya, kitman tegesipun ngumpetaken wahyu, saha baladah ingkang tegesipun bodho. Sedayanipun dipunandharaken wontên salebeting QS. An-Najm ayat 2 dumugi 4, QS. Al-An'am ayat kaping 106, QS. Al-An'am ayat kaping 50, saha QS. Al-A'raf ayat kaping 199. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 5, gatra kaping 4 dumugi 6 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

iku sipaté Jêng Nabi /
Mukamaddinil Mustapa /
sidik amanat tablègé / **kang
mukal kêlamun cidrâ /
mukal lamun ngumpêtnâ /
kiyanat pan iku jauh / nora
pisan ngundhakênâ**
(I.5d-f)

11. Konsep syafa'at

Syafa'at inggih menika pitulunganing Nabi Muhammad dhumateng para umatipun wontên ing padang Mahsyar kanthi palilah saking Gusti. Padang Mahsyar inggih menika satunggaling papan wontên alam akhirat. Pitulungan menika arupa pitulunganing Nabi Muhammad SAW dhumateng tiyang sae supados enggal-enggal

dipunlebetaken suwarga,
pitulunganing Nabi Muhammad
dhumateng tiyang awon ingkang
pinilih supados ukumanipun saged
langkung enteng, lan sapiturutipun.
Bab menika dipunterangaken wontên
salebeting QS. Yunus ayat kaping 3,
QS. Saba ayat kaping 23, saha
satunggaling *hadits riwayat*-ipun
Imam Bukhari. Wontên salebeting
SMG kapanggihaken satunggaling
pupuh ingkang ngewrat bab menika
inggih pupuh Asmaradana, pada
kaping 6, gatra kaping 2 ingkang
pethikanipun wontên ngandhap
menika.

ingkang wêlas maring dasih /
kang tulung ing dalêm
[kâcâ3] maksar / yâ nabi
babuning ngêroh / kang
kinêkêr ing Hyang Sukmâ /
nguni ing makam habak //
miwah ngamak karonipun //
kapiyun makam kang samar
(I.6b)

12. Tansah rukun ing madyaning gesang bebrayan

Tansah rukun ing madyaning
gesang bebrayan tegesipun tansah
ngurmati, tulung tinulung, saha
tansah paring katresnan dhumateng
priyantun sanes. Wontên ing
piwulang Islam, sesambetan
antawisipun manungsa setunggal
kaliyan manungsa sanesipun inggih

ingkang dipunwastani
hablumminannas minangka
satunggaling prakawis ingkang
dipungatosaken sanget. Satunggaling
tiyang Islam boten namung kedah
kagungan sesambetan ingkang sae
kaliyan Gusti Allah
(*hablumminallah*) ananging ugi
kedah kagungan sesambetan ingkang
sae kaliyan tiyang sanes inggih
tansah rukun ing madyaning gesang
bebrayan (*hablumminannas*). Bab
menika dipunterangaken wontên
salebeting Al-Quran QS. An-Nisa
ayat kaping 36 saha satunggaling
hadits riwayat Bukhari kaliyan
Muslim. Wontên salebeting SMG
kapanggihaken satunggaling pupuh
ingkang ngewrat bab menika inggih
pupuh Asmaradana, pada kaping 47,
gatra kaping 1 dumugi 7 ingkang
pethikanipun wontên ngandhap
menika.

rong taun Ngabdul Mutalib //
pan kêlawan kamil Basah /
arukun lir saduluré / nadyan
kaji maring Ngarpah / tan
pisah sêsarêngan // katingal
ing guyubipun // Ngabdul
Mutalib lan Basah
(I.47a-g)

13. Piwulang kaji

Kaji inggih menika
satunggaling ibadah tiyang Islam
ingkang katindakaken saben taun

wontên ing kutha Mêkah, minangka kutha sucining umat Islam. Ibadah menika kawajibaken paling boten sepindhah sadanguning gesang dhumateng satunggaling tiyang islam ingkang kagungan beya saha sehat badanipun. Ibadah kaji menika minangka satunggaling rukun islam ingkang kaping gangsal sasampunipun syahadat, shalat, zakat, saha puasa. Bab wajibipun ibadah kaji menika dipunterangaken wontên salebeting Al-Quran QS. Ali Imran ayat kaping 97. Wontên salebeting SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Asmaradana, pada kaping 47, gatra kaping 4 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

rong taun Ngabdul Mutalib //
pan kêlawan kamil Basah /
arukun lir saduluré / **nadyan**
kaji maring Ngarpah / tan
pisah sêsarêngan // katingal
ing guyubipun // Ngabdul
Mutalib lan Basah
(I.47d)

14. Tansah sabar

Sabar anggadahi teges ngampet supados boten ngresula utawi sesambat nalikane ngadhepi satunggaling prakawis ingkang awrat, raos susah utawi nalikane ngadhepi satunggaling perangan

ingkang boten nyenengake. Tuladha sifat sabar antawisipun boten gampil nesu, boten gampil ngresula utawi sesambat, boten anggadahi manah darengki dhumateng liyan, lan sapiturutipun. Sifat sabar menika dipunbagi dados tigang perangan inggih sabar nalikane nindakaken dhawuhing Gusti, sabar nalikane ngadhepi bilai, saha sabar nebihi tumindak awon. Bab sabar menika kawahyakaken wonten QS. Al-Insan: 23-24, QS. Al-Baqarah: 153, QS. Az-Zumar: 10 saha satunggaling *hadits riwayat*-ipun Bukhari, Muslim, Ahmad, at-Tirmidzi, Nasa'i, Abu Dawud, Malik *dan* Ad-Darimi. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat piwulang sabar, inggih pupuh Kinanthi, pada kaping 25, gatra kaping 3 dumugi 3 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

sun sabarané rumuhun //
mênâwâ ing buri kari / bisâ
lilih nalarirâ / gêlêm
nungkul marang mami / sun
tinggal baé mring Jédah /
sajroning taun puniki
(II.25a-c)

15. Ngulinakaken musawarah

Musawarah inggih menika rembugan antawisipun kalih tiyang

menapa langkung kanthi ancas mutusaken satunggaling prakara. Musawarah minangka salah satunggaling bab ingkang wigatos wontên ing madyaning gesang bebrayan. Musawarah saged katindakaken wontên ing salebeting lingkungan kulawarga, sekolah, masarakat, utawi ingkang langkung wiyar inggih nagari. Kathah manfaat awit saking nindakaken musawarah, antawisipun inggih menika satunggaling prakara saged enggal dipunrampungaken, ningkataken raket ing pasederekan ing madyaning gesang bebrayan, lan sapiturutipun. Bab musawarah menika saged dipuntingali wontên salebeting Al-Quran QS. Ali-Imran ayat kaping 159. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Kinanthi, pada kaping 35, gatra kaping 3 dumugi 5 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

sêdâyâ sampun ngalumpuk //
pêpakan munggèng ing ngarsi
/ Ngabdul Mutalib
ngandikâ / hèh kabèh
kawulâ mami / ing sun
njaluk rembugirâ / ing sun
iki dèn kasudi
(II.35c-e)

16. Nebihi manah darengki

Darengki inggih sipating tiyang ingkang boten remen mangertosi tiyang sanesipun pikantuk kabegjan. Kajawi saking menika, tiyang ingkang kagungan manah darengki ugi kagungan pangajab supados kabegjan menika ical saking satunggaling tiyang. Langkung awon malih tiyang menika nindakaken satunggaling tumindak ingkang saged njalari cilakaning tiyang sanes. Manah darengki menika saged kadadosan awit saking satunggaling tiyang menika rumaos langkung ageng saha boten purun kalah. Bab menika dipunterangaken wonten satunggaling *hadits* riwayatipun Abu Daud. Wontên salebeting teks SMG kapanggihaken satunggaling pupuh ingkang ngewrat bab menika inggih pupuh Pangkur, pada kaping 22, gatra kaping 1 dumugi 2 ingkang pethikanipun wontên ngandhap menika.

kulâ botên pisan-pisan //
angadhahi manah ingkang
darêngki / dhumatêng [kâcâ
45] asmâ pukulun // punâpâ
kulâ kopar / arsa ngrusak
marang têdhaké Jêng Rasul //
sêlami kawulâ gêsang / luwur
tuwan kang sun pundhi /
(III.22a-b)

KAPUSTAKAN

- Baroroh-Baried, Siti dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Behrend, T.E., dkk. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara: Museum Sonobudoyo Yogyakarta Jilid I*. Jakarta: Djambatan.
- Departemen Agama Republik Indonesia. *Al-Qur'an dan Terjemahannya*. Bandung: Syaamil Qur'an.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Mulyani, Hesti. 2009. *Teori Pengkajian Filologi*. Diklat (untuk Lingkungan Terbatas) Mata Kuliah Filologi Jawa pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters.
- Robson, Stuart. 1988. *Principles of Indonesia Philology*. Holland: Foris Publications.